# BAS MAQALA

## ГӨЗЗАЛЛЫҚ ЖОЛЫНДА АШЫҒЫЎ-БИЙҚАРАР
**(«Бозатаўлы нәзелим» қосығына талқы)**

**Қ.Оразымбетов** - *филология илимлериниң докторы, профессор*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

Көркем әдебият өмирди көркем образлар арқалы сүўретлеп яки сәўлелендирип беретуғын адамзат тарийхында пайда болған ең әжайып рууҳый байлықлардың бири. Оның әжайыплығының тийкарғы көриниси де сонда, ол қәлеген зат ямаса қубылыстың көширме сәўлеси емес, ал көркемлескен образы. Солай екен, көркем шығарма бизиң дүнья ҳаққында түсиниклеримизди өзгертип, сулыўлық, гөззаллық, жаўызлық, жексурынлық, әбешейлик ҳаққындағы көз алдымызға келтириўлеримизди қубылтып жибере алатуғын күшке ийе.

Гөззаллық, сулыўлық бизди өзиниң әжайып сезим майданы (аурасы) менен өзине тартады. Тәбият сулыўлығы, өсимликлер дүньясы, ҳайўанатлар, қуслар дүньясы сулыўлығы – олар инсанлардың эмоциясын қыдықлап, оған рууҳый заўық бағышлап қоймастан, физикалық саламатлығына унамлы тәсири ҳаққында көп ғана дәлиллеўлер бар. Бул гөззаллық көркем өнер арқалы берилсе оның тийгизетуғын эстетикалық тәсири және де жоқарылайды. Ал, ҳаял-қызлар гөззаллығының көркем образлары көркем өнердиң дерлик ҳәмме түрлеринде гезлеседи. Мәселен, әййемги греклердиң Афродита қудайын сүўретлеген Венера скультурасы, Орта әсирлик ояныў дәўириниң атақлы художниги Леонардо да Винчидиң «Моно Лиза» картинасы арадан нешше әсирлер өтиўине қарамастан гөззаллық дүньясында адамларды лал қалдырып келмекте. Театрда, кино өнеринде, хореографияда, музыка өнеринде ҳаял гөззаллығын сәўлелендиретуғын қаншадан-қанша көркем образлар дөретилмеди дейсең?!

Ҳаял гөззаллығын сүўретлеўде көркем әдебияттың, әсиресе, поэзияның орны өз алдына. Поэзия тили гөззаллықты және де гөззалландыра алыў мүмкиншилигине ийе. Ол ҳәр бир миллеттиң эстетикалық талғамынан келип шығып гөззаллық дүньясын жарата алады (себеби, қәлеген поэзиялық шығарма бир миллеттиң шайырына тийисли). Аўыз еки әдебиятта ҳәм жазба әдебиятта гөззаллықты сүўретлеў усылы еки қыйлы. Фольклорда көбирек ҳаялдың жисманий гөззаллығы яки болмаса оның портрети сүўретленеди. Бунда белгили теңеўлер, эпитетлер қатнасады. Ал жазба әдебиятта ҳаялдың сыртқы сулыўлығы менен ишки дүньясы гөззаллығы қоса жаратылады. Бул гөззаллықты шайырлық көз бенен көре алыў, оған индивидуаль жантасыў менен байланыслы. Сондай-ақ жасаў орталығы, жәмийетлик көзқарас тәсири нәтийжесинде гөззаллықты ҳәр қыйлы көриў дәстүри де бар. Мәселен, XYIII, XIX әсир қарақалпақ әдебиятында ҳаял сулыўлығын аўыз еки әдебият усылында сүўретлеў, аўыз еки әдебиятқа тийисли теңеў ҳәм эпитетлерден пайдаланыў даўам етти. Қасларын қәлемге, еки бетиниң алмасын қарға тамған қанға теңеў сыяқлы. Олардың рухый гөззаллығы сыпатында әдеп-икрамлылығы, қонақ күтип аброй алыўы сыяқлы белгилери санап өтилди. Ҳәттеки, «Жигиттиң атын қатын, қатынның атын бир дәсте отын шығарады» деген нақыл да усындай түсиник ақыбети. Атақлы Мақтымқулы да «Жигиттиң соныңдай бир яры болса, қонақ күтсе басқа иси болмаса» деген қосық қатарларын дөретти. Бундай мысалларды жүдә көплеген шайырлардың шығармаларынан келтире бериў мүмкин.

Бирақ, XIX әсирде жасаған Әжинияз шайыр ҳаял гөззаллығын жаратыўда қайталанбас сүўретлеў усылын пайда етип кетти, бул усылды ийелеў басқа ҳеш бир шайырға несип етпеди, десем асыра айтқан болмас. Шайырдың «Бозатаўлы нәзелим» қосығы усындай шығармаларының бири. Қосықта сүўретленген нәзелим тек ғана жигит көзи менен қарап оған сүйсиниў, сүйиўшилик сезимлерин қоздырып ғана қалмастан, қосыққа сиңип кеткен қандайдур түсиниксиз қәсийет оны оқыған ҳәр бир оқыўшыны айрықша гөззаллыққа деген таңланыў сезимине орап алады. Қосық 6 бәнттен ибарат, ҳәр бәнттиң ақыры «бездирер» бәнтлик редифи менен тамамланып, оның алдындағы «түннен, меннен, иннен, тәннен, елден, диннен» сыяқлы сөзлер өз ара уйқасады. Демек, шайыр нәзелимниң сулыўлығын сүўретлеў менен бирге қосықтың форма сулыўлығына да айрықша итибар қаратқан. Ҳәр бир бәнтте үш қатарды уйқастырыўы, ҳәр бир бәнттиң ақырында редифли уйқасты да жаратыўы қосық көркемлигин барынша жоқарылатқан. Сондай-ақ шайыр поэтикалық сулыў сөзлерди (гүлбинәфша, Әселиң, Жулдызды жаўратып, шамси-камар, сүжик-сүжик тиллер, Ышқы ләшкериниң дәҳшәт саркабы ҳ.т.б.) таңлап алған – олар басқа шайырлардың дөретиўшилигинде ушыраспайды. Мазмун ҳәм форма сәйкеслиги деп әйне усындай шығармаларға айтылады.

Бозатаўлы гүлбинәфша нәзелим,
Әселиң ҳәррени гүлден бездирер,
Кирпиклериң сүзип баққан нәзериң,
Жулдызды жаўратып түннен бездирер.

Қосық усылай басланады. Оның басланыўы-ақ оқыўшының кеўлинде титирениў пайда етеди. Бул ҳәўеслениў титирениўи. Леонардо да Винчидиң «Моно Лиза» картинасындағыдай мүлтиги жоқ сулыў перизат оқыўшы көз алдында пайда болады. Бул қызды бундай сулыў деп көз алдымызға келтириўимизге тийкар бар. Айырмашылығы Моно Лиза бояў ҳәм қыл қәлемниң қүдиретинен пайда болса, бозатаўлы нәзелимниң гөззал келбети көркем сөздиң қайталанбас бояўлары арқалы пайда болған. Қыздың гөззал жамалының әсели ҳәррени гүлден бездирсе, кирпиклерин сүзип баққан нәзери жулдызды жаўратып түннен бездирсе – демек, бул гөззаллықты сүўретлеўдиң шыңы, буннан кейинги бәнтлерде қыздың сулыўлығын аңлататуғын және не таба алар екен деген ойға барасаң. Бул бәнтте гөззаллық затласады, ол биз бурын көрмеген, билмеген тилсимли гөззаллық дүньясына айланады. Ҳәрре, гүл, жулдыз, түн деталлары гөззаллықты затластырады. Жоқарыда атап өткенимиздей жүдә жоқары көркемликтеги поэтикалық сөзлер сулыў нәзелимди және де гөззалландырады. Усы гөззаллықтан шайырдың өзи де өзгеше дүньяға бөленип қалады ҳәм өзиниң рууҳый ҳалатын төмендегише сәўлелендиреди:

Жамалын бир көрип кеттим димардан,
Йузимни үгирдим шамси-камардан,
Өзимди бездирип сабыр-карардан,
Сабырыў-қарарымды меннен бездирер.

Шынында да бул гөззаллықтың алдында сабыр-тақат, бийпарўалық сезимлери шыдам бере алмайды. Оны шайырдың өзи де аңлайды, оның сол ўақытлардағы рууҳый кеширмелери шебер бериледи. Шайыр өзи сүўретлеген сулыўлық алдында еркин тапсырады, ерки шайырды тәрк етеди. Бул бир қарағанда түсинилетуғын жеңил-желпи ҳәўеслениў, жеңилтеклик емес, ал гөззаллық дүньясының соншелли қүдиретлилигин көрсетип бериў. Сондай-ақ бул көркем образ жасаў шараятындағы шайырлық ҳалат. Өйткени, шайыр шайырлық ҳалатқа кирген ўақытлары өзиниң күнделикли инсанлық дәрежесинен шығып кетеди. Өзиниң жаратқан образлары менен бирге жүреди, сәўбетлеседи, олардың эмоциясын бөлиседи. Әсиресе, көркем өнерде, соның ишинде әдебиятта жаратылатуғын гөззаллық, батырлық сыяқлы эстетикалық категориялар алдында оны жаратыўшының өзи де әззилик етеди, ол әпиўайы адам болып пикирлеўден тоқтайды. Бул ҳаққында испаниялы философ, публицист, эссеист

Ортега-й-Гассет: **«…Енди адамлар өмир бир нәрсе, поэзия болса, пүткиллей басқа нәрсе екенин билип атыр, билмесе де сезип атыр. Бул еки нәрсени бир-бирине араластырмаған мақул. Әйне, адам таўсылған жерден шайыр басланады…»** деп айтқан еди. Әжинияз шайырдың да қосығындағы жоқарыдағы қатарларды усылай түсиниў керектей.

«Шамси-камар» мәртликтиң, батырлықтың нышаны болыўы мүмкин, бирақ гөззаллықтың алдында ол да әззи. Ол да дыққатты тарта алмайды. Соның ушын да ол оннан жүз үгиреди. Қатарлардың көркем логикаға бағыныўы, олардың ҳәр бири өзинен алдыңғы қатарда айтылған пикирди даўам еттириўи бәнтлердиң ишки бирлигин тәмийинлейди. Демек, лирикалық қаҳарманның сабыр-қарардан, сабыр-қарардың лирикалық қаҳарманнан безиўи өзинен бурынғы қатарлар ҳәм бәнтлерде исенимли тийкар жаратқан. Шайыр бул нәзелимниң соншелли сулыў екенине исендириў ушын және де жол излейди.

Қумырысқадек қыпша-қыпша беллериң,
Бармақ толы йүзүк-йүзүк әллериң,
Әсел қатқан сүжик-сүжик тиллериң,
Жыланды жылжытып иннен бездирер.

Бул бәнттиң дәслепки еки қатарында қызлардың статикалық портрети – олардың сыртқы пишими, тағыншақлары сүўретленеди. Портрет сулыў шығыўы ушын сөз ойынларынан, оларды комбинациялаўдан утымлы пайдаланған. «Қыпша-қыпша, йүзүк-йүзүк, сүжик-сүжик» қосарлы сөзлери қарысып кеткен уйқаслар (беллериң, әллериң, тиллериң) менен биригип, қосық көркемлигин тәмийинлеген. Бундай етип сүўретлеў сол дәўирдеги басқа шайырларда да гезлеседи. Бирақ бәнттиң соңғы еки қатары образлылықты және де күшейтип жибереди. Бул еки қатар жаңа сөз, жаңа пикирге қурылған. Шайыр гөззаллықты басқаша көре алатуғынын көрсетип бериўин даўам етеди. Бул нәзелим хусни жамалы бойынша ғана сулыў емес, оның мәмлеси, мүнәсибети де сулыў. Буған жыланның жылжып иннен безиў тәрипи жүдә мас түскен. Жылан ең зәҳәрли жанзат болғаны менен сулыў мүнәсибет, қатнас оны да жуўасытады (жуўасып иннен безиўи). Лирикалық қаҳарман тек сулыўлықтың мәзи шайдасы емес, усындай тил жетпес нәзелимге ашық болмаў мүмкин емес екенин кейинги бәнт арқалы аңлатады.

Фәлекниң ойыны – Жайҳун гирдабы,
Бир тәбәссим етсең көңлимниң табы,
Ышқы ләшкериниң дәҳшәт саркабы,
Бул аманат жанды тәннен бездирер.

Бул бәнтте ышқы-муҳаббат сезимлери соншелли жоқары нотада бериледи, оның инсан тәғдириндеги орны бәлент екенин аңлайсаң. Тәғдирдиң ойыны ең қәўипли тәбийғый апаттан да (Жайҳун гирдабы) қәўипли. Ал оның күлип бағыўы инсан өмирин бағы-бостанлыққа айландырады. Мине, усы бир-бирине усамаған қарама-қарсылы дүнья жарлығын атлап өтиўге тек пәк муҳаббат, ҳақыйқый ышқы мәдет бере алады. Бундай ышқы-муҳаббаттың ийеси шайыр сәўлелендирген Бозатаўлы нәзелим. Усындай ышқы жолында өзин қурбан етиў Шығыс классик әдебиятында бурыннан бар жол. Фархад-Шийрин, Юсуп-Зулайха, Тахир-Зухра, Ғәрип-Шахсанем ҳаққында шығармалар буның дәлили. Бирақ, жоқарыда атап өткен ашықлардың ашықлық жолы эпикалық усыл арқалы ашып берилип, оларды ашықлық жолында аўыр сынаўлардан өтиў тәжирийбеси қолланылған болса, Әжинияздың қосығындағы ашық өзиниң ашығыў-бийкарарына ышқы сезимлерин билдириў менен шекленеди. Бул жуўапсыз муҳаббат мотиви сыяқлы көрингени менен ҳақыйқый муҳаббаттың пәк сезимлери ашып бериледи: **«Ышқы ләшкериниң дәҳшәт саркабы, Бул аманат жанды тәннен бездирер.»** Муҳаббатқа тийисли болған пинҳамылық па, оның азаплы жолын басып өтиў ушын зәрүр болған қәтиятлылық па, мәртлик пе – усы еки қатарға жәмленген. Демек, бир бирин сүйе алатуғын жүреклерди сүўретлеў ушын үлкен эпикалық шығарма дөретиў зәрүр емес екенин Әжиниязша дәлиллеў шынында да ҳеш бир шайырға несип етпеди.

Буннан кейинги бәнттеги **«Екки қара көзиң екки бәледек,»** қатары бир қанша тартысларға себепши болды. Екки бәледек сөзин туўра мәнисинде түсиниўшилер оны турпайы сөз, ол Әжинияздың сөзи емес дегенлер де ушырасты. Негизинде ол тәриптиң сулыўлығын тәмийинлеўши дөретиўшилик пенен табылған теңеў. Бириншиден, «бәле» сөзи қарақалпақ тилинде барлық ўақытта унамсыз мазмунда қолланылмайды, ол епшил, шаққан деген мазмунды да береди. Екиншиден, оны туўра мәниде түсингенде де ол кеўилге ғул-ғула салыўшы, сени бийлеп алыўшы деген образлы пикирди аңлатып тур. Үшиншиден, ол рең мәниде түсинилгенде қап-қара көз сулыў қызларға айрықша сулыўлық бағышлайтуғын рең. Сонлықтанда бизде қызлардың көзлериниң қара екенин сулыўлықтың белгиси сыпатында сүўретлейди.

Писте бурыныңда тилла әребек,
Екки қара көзиң екки бәледек,
Ургениш йуртында бегим Төребек,
Тахтынан тайдырып елден бездирер.

Бәнтте сулыў қыздың портрети дәстүрий усылда сүўретленеди. Усы жерде шайыр Төребек ханумды тилге алады. Ўақтында тахт ийеси болған Төребек ханум барлық ҳаял-қызлар әрман ететуғын мәртебеге ерискен ҳаял. Ал шайыр тәриплегениндей бозатаўлы нәзелимниң сулыўлығы алдында ҳәттеки, оның да тахтынан безип кетиўи мүмкинлиги бул гөззалды және де бийик шыңға алып шығады. Салыстыра сүўретлеў – параллелизм усылында сүўретлеў қосықта қол келген.

Қосықтың ақырғы бәнти жүдә күшли шыққан. Қандай лирикалық шығарма болмасын, оның көркемлиги жаңа поэтикалық ибаралар, жаңа образлар жаратылыўы менен өлшенеди. Усы көзқарастан алып қарағанда қосық тек өз дәўири ушын ғана емес, ҳәмме дәўирлер ушын да жаңа ҳәм нәўқыран. **«Көңлим сәдебини бир-бир яздырып,»** қатары соншелли жаңа образ ҳәм жаңа сөз – шайырдың өзи тәрепинен айтылған **«Бул дүньяның көрки адам баласы,»** деген қатар сыяқлы әдебияттың қайталанбас образлы пикири болып қала береди. Кеўил инсанның ишки дүньясы, көзқарасы. Оны инсанның руўхияты деп түсиниў мүмкин. Әне усы руўхиятқа «кийим кийдирип» оның сәдеплерин жаздыра алыў шынында да үлкен шайырлық. Әжинияздың шайырлық көзи рентген нурлары сыяқлы қәлеген денени тесип өтип, оны тексере алыў күшине ийе екенин көриў мүмкин. Бул қатар биз жоқарыда көрип өткен образлы, көркем сүўретлеўлер менен бирге қосықтың көркине көрик қосып тура береди.

Көңлим сәдебини бир-бир яздырып,
Қайта бастан гөне дәртим қоздырып,
Кәпир көзиң мусулманды азғырып,
Бийшара Зийўарды диннен бездирер.

Бул бәнтте шынында да әдеттегиден тыс пикир айтылған. **«Кәпир көзиң мусулманды азғырып, Бийшара Зийўарды диннен бездирер.»** Бул қатарларды туўра мәнисинде түсинсек, оны ахун Әжинияз жазғанына исенгиң келмейди. Бирақ, образлылық көзқарасынан алып қарайтуғын болсақ, ол ҳаққында пикир жүритиўге болады. Көз инсанның ишки әлемин аңлатыўшы мүшеси. Сондай-ақ, ол өзи нәзер тиккен «қарсыласын» тең салмақлықтан айырып, пикири-зикирин бийлеп алыў «күшине» де ийе. Соның ушын да Әжинияз «кәпир көзиң» деп атайды. Бундай атаў биз жоқарыда көрип өткен **«Екки қара көзиң екки бәледек,»** деген образлы пикирлеўдиң даўамы. Лирикалық қаҳарманның «өңменинен тесип өтип қәлбине оқ болып қадалған «бул көзлер» Зийўарды «диннен бездириўи» көркем ҳақыйқатлық көзқарасынан исенимли шыққан.

Улыўмаластырып айтатуғын болсақ, Әжинияздың «Бозатаўлы нәзелим» қосығы қарақалпақ қызының сулыў портретин, улыўма гөззал образын жасаў бойынша да көркем әдебият дөреткен ең сере шығармалардың бири болып қала береди.